**दिन–मंगलवार** **दिनांक–22.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानमंडलक मॉनसून सत्रक दोसर दिन आइ सेहो विपक्षी सदस्य सभ मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण आओर कानून व्यवस्थाक मुद्दा पर सदनक बाहर आओर भीतर खूब हल्ला–गुल्ला कयलनि। विपक्षी सदस्य सभ कारि वस्त्र पहिरिने, हाथ मे बैनर लऽ सदनक बिचोबीच आबि गेलाह। विरोध प्रदर्शन कऽ रहल विपक्षी सदस्य सभ रिपोरटक टेबूल के सेहो उनटबय चाहलनि। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव हल्ला–गुल्ला बीच प्रश्नकालक कार्यवाही जारी रखलनि। हल्ला–गुल्ला होयत रहबाक कारण अध्यक्ष सदनक कार्यवाही भोजनावकाश धरि लेल स्थगित कऽ देलनि। एम्हर, विधान परिषद मे सेहो राजद, कांग्रेस सहित विपक्षी सदस्य सभ सदनक बाहर खूब नारा लगबैत हल्ला–गुल्ला कयलनि।

---

विधानसभा मे विपक्षक हल्ला–गुल्लाक बीच आइ छओ विधयेक पारित कयल गेल। एहि मे बिहार हिन्दु धार्मिक न्यास संशोधन विधेयक दू हजार पचीस, बिहार विशेष सर्वेक्षण आ बंदोबस्त संशोधन विधेयक दू हजार पचीस आओर बिहार कृषि भूमि संशोधन विधेयक अछि। एम्हर, सदन मे नेता–प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव जनौलनि जे राज्य मे चलि रहल मतदाता सूचीक विशेष पुनरीक्षण मे लाखो लोकसभक मताधिकार छिनवाक प्रयास कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे हुनक पार्टी ई मुद्दा पर चुप नहि रहत। एम्हर, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे निर्वाचन आयोग स्पष्ट जनौलनि अछि जे कोनो पात्र मतदाताक नाम नहि हटाओल जायत। ओ जनौलनि जे कारी कपड़ा पहिरि कऽ एस.आई.आर मुद्दा पर लोकसभ के भ्रमित कयल जा रहल अछि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे चुनाव मे हारि देखि कऽ विपक्ष विरोध करबाक संवैधानिक रास्ता विसरि गेल अछि।

---

संसदक मॉनसून सत्र सेहो चलि रहल अछि। सत्रक दोसर दिन आइ लोकसभा आओर राज्यसभा दुनू सदन में विपक्ष पहलगाम आतंकी हमला आओर ऑपरेशन सिंदूर पर चर्चाक मांग के लऽकऽ नारा लगबैत हल्ला–गल्ला कयलनि। हल्ला–गुल्लाक बीच लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला पहिने सदनक कार्यवाही दुपहर बारह बजे धरि आओर फेर दुपहर दू बजे धरि

लेल स्थगित कऽ देलनि। एम्हर, राज्यसभा मे सेहो विपक्षी सदस्य सभक हल्ला–गुल्लाक कारण विधायी काज प्रभावित भेल।

——————————————————————————

राष्टपति द्रौपदी मुर्मू उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़क इस्तीफा स्वीकार कऽ लेलनि अछि। गृह मंत्रालय एहि लेल अधिसूचना जारी कयलक अछि। श्री धनखड़ अपन स्वास्थ्यक कारण काल्हि राष्ट्रपति के अपन इस्तीफा पठा देने छलाह। एम्हर, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी श्री धनखड़क बढ़िया स्वास्थक कामना कयलनि अछि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट में जनौलनि जे श्री धनखड़ भारत उप राष्ट्रपति सहित कतेको पद पर रहैत देशक सेवा कयलनि अछि। हुनक राजनीतिक अनुभव आओर जिम्मेदारीपूर्ण कार्यशैलीक बेसी लाभ भेटल अछि। एम्हर, राज्यसभाक उप–सभापति  हरिवंश राष्ट्रपति सँ भेंट कयलनि। भेटल जनतबक अनुसार राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ इस्तिफा सँ भेल स्थिति मे उप सभापति हरिवंश के राज्यसभाक विधायी काजक लेल जिम्मेबारी सौंपलनि अछि।

——————————————————————————

लोजपा रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर सांसद चिराग पासवान जनौलनि अछि जे मतदाता सत्यापनक विरोध विपक्षक पोल खोलि देलक अछि। संसद परिसर मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत श्री पासवान जनौलनि जे विपक्ष फर्जी मतदानक शिकायत करैत रहैत छल। आव एस.आई.आर मे जखन एकर जांच भऽ रहल अछि तऽ हुनका कठिनाई भऽ रहल छनि।

——————————————————————————

बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक मुदा पर भाजपा सांसद रविशंकर प्रसाद जनौलनि जे देशक निवासी के भोट खसेबाक अधिकार अनि आओर जौं एकर जांच कयल जायत अछि तऽ कोनो समस्या नहि होयबाक चाही।

——————————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे मॉनसूनी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे पचीस जुलाई सँ राज्य मे मॉनसूनक एक मजगूत सिस्टम सेहो बनि रहल अछि। ट्रफ लाईन राज्यक पूर्वी भाग सँ जयबाक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे झमाझम बरखा भऽ सकैत अछि। विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच पटनाक विक्रम मे सभ सँ बेसी चौरासी दशमलव चारि  मिलिमीटर बरखा भेल अछि। ओतहि, बक्सर मे अन्हर–बिहारि

चलला सँ कतेको ठाम गाछ–वृक्ष खसि पड़ल। मौसम विभागक अनुसार आइ सीतामढ़ी, मधुबनी, दरभंगा, सुपौल, अररिया सहित राज्यक उत्तर–मध्य आओर उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम अन्हर–बिहारि संग बरखा भऽ सकैत अछि। एहि बीच किछु ठाम ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक विशेष पॉक्सो अदालत छओ बरखक एक बालिकक संग दुष्कर्म मामिला मे आरोपी जितेन्द्र शर्मा के बीस बरखक सश्रम कारावासक सजा सुनौलक अछि। न्यायालय दोषी पर पचास हजार टाकाक जुर्माना सेहो लगौलक अछि।

मधुबनीक जिलाधिकारी आनंद शर्मा मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक प्रगति यात्राक बीच जिलाक लेल घोषित नओ योजनाक प्रगतिक  समीक्षा कयलनि। ओ अधिकारी सभ सँ ओ सभ योजना लेल भू–अर्जन काज के प्राथमिकताक आधार पर पूरा करबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————————

समाप्त